

# Respè pou tout moun

## Resous Fanmi



Lekòl leta Vil Nouyòk pran angajman pou ofri yon anviwònman aprantisaj ki sennesof ak pou bay sipò pou tout elèv. Yo pa JANM aksepte okenn tip vyolasyon oswa asèlman, epi y ap pran sanksyon kont aksyon sa yo dapre Kòd Disiplin lekòl leta Vil Nouyòk la: [schools.nyc.gov/DisciplineCode](https://schools.nyc.gov/DisciplineCode).

Pandan n ap travay ansanm pou anpeche diskriminasyon, arasman, vyolans ak entimidasyon, li enpòtan pou w konprann ak kisa aksyon sa yo ka sanble, pou w ka rekonèt siy yo. Konpòtman sa yo fèt pou imilye yon moun dapre ras, koulè, etnisite, reliyon, kwayans, orijin nasyonal, laj, sèks, identite seksyèl, ekspresyon sèks, oryantasyon seksyèl, sitiantasyon imigrasyon/sitwayènte, gwosè, oswa andikap, epi jeneralman yo fè pati omwen youn nan kat kategori sa yo:

- **Fizik:** li gen domaj fizik oswa menas oswa domaj tankou vyolans ak swiv moun
- **Vèbal:** itilize langaj derespektan ak ensiltan kont moun tankou fè blag pou pase moun lan nan rizib oswa ba li non; itilize yon move pwonon oswa mal pwononse yon non
- **Sosyal:** pa fè zanmitay avèk yon kamarad oswa retire nan yon gwoup pou imilye oswa izole yon moun, ki gen ladann rizib; eseye fè presyon oswa fòse yon moun fè yon bagay (brimad)
- **Alekri:** voye tèks ki endesan oswa imaj ekri oswa enprime pou pase yon moun nan rizib; ki gen ladan tou komunikasyon elektwonik (cyber-bullying) lè l sèvi avèk teknoloji tankou mesaj telefòn selilè, imèl, rezo sosyal, blogs, chat sou entènèt, epi sistèm jwèt.

Si w obsève siy ke pitit ou a gen konpòtman sa yo anvè lòt moun, oswa ke li ta ka yon sib vyolans nan lekòl la, gen resous ki disponib pou ede.

Depi yo fè yon rapò, yo dwe fè paran/responsab yo konnen sa pa pita pase de (2) jou lekòl apre yo resevwa rapò a. Paran ka mande sipò pou pitit yo avan, pandan, oswa apre lekòl la fin envestige plent lan.

Lè ankèt la fini, y ap fè paran an konnen rezulta a nan espas dis (10) jou lekòl. Si sa nesesè, yo ka refere timoun lan pou sèvis sipò.

Yo entèdi vanjans kont yon moun ki rapòte yon ensidan sou arasman, vyolans, entimidasyon oswa konpòtman diskriminatwa, oswa ki ede nan yon ankèt. Elèv ki kwè yo fè vanjans kont yo ta dwe kontakte yon administratè lekòl imedyatman.

### Elèv ak fanmi ka rapòte enkyetid yo konsènan vyolans ak asèlman lè yo:

- Voye yon plent nan nenpòt lang sou entènèt nan [schools.nyc.gov/safety](https://schools.nyc.gov/safety) oswa atravè kont lekòl NYC ou a (NYC Schools Account, NYCSA) nan [schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc)



- Rele liy telefonik pou èd lekòl leta Vil Nouyòk (NYC Public Schools, NYCPS) la, Lendi rive Vandredi, 8AM–6PM nan 718-935-2288
- Voye imèl ba Biwo sekirite ak fòmasyon jèn (Office of Safety and Youth Development, OSYD) nan [RespectforAll@schools.nyc.gov](mailto:RespectforAll@schools.nyc.gov)
- Di yon manm estaf lekòl la oswa kontakte lyezon Respè pou tout moun nan lekòl la
- Si enkyetid ou a se pou asèlman seksyèl oswa ki baze sou sèks, kontakte kowòdonatè Tit IX nou an nan 718-935-4987 oswa [Title\\_IX\\_Inquiries@schools.nyc.gov](mailto>Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov)

## Lyezon Respè pou tout moun

Lekòl ou a gen yon lyezon Respè pou tout moun (Respect for All) ak yon lyezon pou prevansyon arasman seksyèl pou ede elèv ak fanmi entimidasyon oswa asèlman afekte. Ou ka jwenn non yo nan seksyon "Kontak ak Enfòmasyon Lekòl la" nan paj lis lekòl ou a nan [schoolsearch.schools.nyc](http://schoolsearch.schools.nyc). Non yo sou afich ki sou tout mi nan lekòl la.

## Sipò sante mantal gratis

**NYC 988** bay Nouyòkè tout laj sipò sante mantal gratis, confidansyèl. Pale avèk yon konseye atravè telefòn, tèks oswa chat epi jwenn aksè pou sèvis sante mantal ak adiksyon 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Konseye yo ka bay:

- Sipò imeda pou pwoblèm tankou estrès, depresyon, enkyetid oswa itilizasyon dwòg ak alkòl
- Konsèy pou kriz ak konsèy pou prevansyon swisid
- Koneksyon avèk kamarad espesyalis, ki gen eksperyans pèsonèl avèk pwoblèm sante mantal oswa itilizasyon pwodui chimik.
- Sipò pou jèn LGBTQI+ ak jèn adult

Nouyòkè ka kontakte NYC 988 nan non yo oswa nan non yon lòt moun. Jèn yo ka rele nan non paran yo oswa moun k ap bay swen yo, epi nenpòt moun ka rele NYC 988 nan non yon timoun. Sipò disponib pou moun tout laj epi nan plis pase 200 lang.

- **Rele oswa voye teks:** 988
  - Panyòl: 988, Aprete 2
  - Ou soud oswa pa tandé byen? Itilize sèvis pou moun ki soud/pa tandé byen (*relay service*) ou pi pito a oswa rele 711 apresa 988. Konseye NYC 988 yo resevwa fòmasyon pou aksepte apèl ki soti bòkote moun ki soud ak moun ki pa tandé byen ki itilize *relay services* vidéyo.
  - Liy dirèk kriz pou Veteran (Veteran's Crisis Line): Rele 988, peze 1
  - Jèn LGBTQI+ ak jèn adult: Rele 988, peze 3
- **Chat sou entènèt:** nan [988lifeline.org/chat](http://988lifeline.org/chat)
- **Jwenn Sèvis:** [nyc.gov/988](http://nyc.gov/988)

**NYC Teenspace:** tout adolesan ki gen laj 13-17 lane k ap viv nan Vil Nouyòk kounye a gen aksè pou sipò sante mantal gratis atravè NYC Teenspace, yon nouvo pwogram nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (NYC Department Health and Mental Hygiene Department, DOHMH) la ki ofri sèvis konsèy sou entènèt ak plis ankò. Jwenn plis enfòmasyon nan [talkspace.com/nyc](http://talkspace.com/nyc).

**Liy dirèk BRAVE Federasyon pwofesè reyini  
(United Federation of Teachers BRAVE Hotline):**

BRAVE – Bati Respè, Akseptasyon, ak Vwa atravè Edikasyon – bay edikatè yo, paran, ak elèv yo zouti, konesans ak sipò pou yo kapab aktif pou fè fas ak vyolans epi sispann li. Elèv ka jwenn sipò gratis pou sante mantal lè yo kontakte liy dirèk BRAVE nan telefòn, tèks oswa chat sou entènèt.

- **Rele** 212-709-3222, Lendi - Vandredi, 2:30–9:30PM
- **Voye tèks** 43961
- **Chat sou entènèt** nan [UFT.org/BRAVEchat](http://UFT.org/BRAVEchat)

